



# TRANZISYON POU TV DIJITAL

## Sa w oblige konnen osijè DTV



### Kisa Tranzisyon pou Dijital TV a (DTV) ye ?

Koulye a, anpil estasyon ki nan lè a ap emèt alafwa nan fòm TV analog ak dijital. Apre 17 fevriye 2009, estasyon TV gwo pisans yo pral emèt sèlman an dijital. Tranzisyon pou emisyon an dijital la (DTV) pral kontrarye moun k ap kapte pòst gratis ki nan lè a (ak yon antenn ki fikse deyò sou tèt kay la). Si w ap gade pwogram TV ki nan lè a gratis ak yon aparèy TV analog, se pou w fè yon aksyon anvan 17 fevriye 2009.



### Poukisa estasyon kap emèt yo oblige chanje pou Dijital ?

Lalwa federal ekzije chanjman an ki pral libere ond yo pou Lapolis, ponpye ak komunikasyon sèvis dijans. L ap pèmèt estasyon yo ofri pwogram ak meyè kalite imaj ak son e ofri tou pwogram ak plis chwa. Konsomatè yo ap benefisyè yon sèvis san fil ki modènize.



### Kisa pou m fè pou m pare ?

#### Ou gen twa chwa:

1

Konekte aparèy televizyon analòg ou a nan yon transfomatè analòg pou dijital.

Yo vann transfomatè sa yo nan magazen pou yon pri ki varye ant 40 ak 70 dola. Pou ede w peye transfomatè sa yo, Gouvènman Ameriken an ofri de koupon \$ 40 pou chak kay. Si w bezwen plis enfòmasyon osijè koupon yo, vizite [www.DTV2009.gov](http://www.DTV2009.gov), oswa rele nan 1-888-2009(vwa) oswa 1-877-530-2634(TTY). Anplis li pa nesesè pou w genyen yon lòt antenn si w genyen yon bon kalite resepsyon pou chenn (kanal) analòg 2 rive 51 avèk antenn w genyen an. **Oswa**

2

### Achte aparèy televizyon dijital (yon aparèy TV ki fabrike ak yon tuner andedan I)

w pa bezwen yon aparèy TV gran definisyon pou kapte yon emisyon TV an dijital. W senpman bezwen yon TV dijital (oswa yon TV analòg ki konekte nan yon transfomate analòg pou dijital). Anplis, li pa nesesè pou w genyen yon lòt antenn si w gen yon resepsyon bon kalite pou kanal analòg 2 rive 51 yo, avèk antenn w genyen a. **Oswa**

3

### Abone w avèk sèvis TV peye.

Si aparèy la deja ap resevwa emisyon estasyon lokal yo pa entèmedyè yon founise peye tankou pa kab oswa pa TV satelit, li deja anfòm pou tranzisyon dijital la (DTV) konpayi ki emet pa kab yo pa oblige fè tranzisyon an oswa chanje nenpòt kanal (chenn) yo pou dijital. Toutfwa si w gen yon aparèy TV analòg ki pa resevwa estasyon ki emèt lokalman yo pa entèmedye founisè peye w abone an, w ap bezwen yon transfomate pou kenbe emisyon dijital yo ak aparèy TV sa.

Si w bezwen plis enfomasyon, rele :

# THE DIGITAL TV TRANSITION



## What You Can Do with Your Analog TV

### → Kijan pou m fè TV analogik mwen a sèvi pi lontan?

Si w genyen yon televizyon analogik kap resevwa difizyon gratis "pa onn radio", Ajans Pwoteksyon Anviwonman a ankouraje w fè TV w la viv pi lontan toujou sou w konekte i nan bwat konnvètè dijital-analogik oswa pran yon abonnman sèvis televizyon.

Lè w ap achte yon bwat konnvètè dijital-analogik, chèche youn ki genyen etikèt « ENERGY STAR » la. Bwat konnvètè ki kalifye ENERGY SYAR manje mwens kouran pase bwat konnvètè konvansyonèl yo. Si tout bwat konnvètè dijital-analogik ki te van Ozetazini te swiv estanda ENERGY STAR yo, nou t ap ekonomize 823 milyon kilowatt/è chak ane. Ou kapab jwenn yon lis modèl pwodi kalifye ENERGY STAR nan [www.energystar.gov/products](http://www.energystar.gov/products) (chwazi bwat konnvètè dijital-analogik).



### → Si m pa vle ansyen TV analogik mwen a, kisa pou m fè avè?

**Resikle li !** Si w deside achte yon nouvo TV dijital epi w pa vle ansyen TY analogik ou a, chèche jan pou resikle i. Resiklaj televizyon pèmèt yo rekipere mateyèl ki gen valè sòt nan pano sikui a (« board circuit »), kab metal, mòso vè plonbe, plastik. Rele sèvis ranmasaj dechè toksik ak pwogram resiklaj zòn ou pou konnen si yap sponnsorize yon evennman resiklaj TV ak lòt pwodi elektronik. Ou kapab verifye sit entènèt sila a pou jwenn yon pwogram resiklaj nan zòn ou :

Prezantasyon lis pwogram resiklaj ak sit wèb sa yo pa vle di EPA rekòmande oswa konseye sèvis sa yo.

**Earth 911** [www.earth911.com/electronics](http://www.earth911.com/electronics) Earth 911 pèmèt ou fè rechèch baze sou kòd postal (zipkòd) pou w jwenn pwogram resiklaj ak opsyon pou w resèvi ak tout kalite pwodi nan katye w la.

**National Recycling Coalition** [www.nrc-recycle.org/localresources.aspx](http://www.nrc-recycle.org/localresources.aspx) Paj sa a ofri de lyen (« link ») pou resous resiklaj leta a. Anpil katye gen jou espesyal pou program ranmasaj ak resiklaj ki klere sou sit wèb yo.

**My Green Electronics** [www.mygreenelectronics.org](http://www.mygreenelectronics.org) Sou paj sit Asosiyasyon Pwodui Elektronik, ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou achte pwodi elektronik « green » (ki bon pou anviwonman a) epi chèche ki kote yo fè resiklaj.

Ou kapab fè yon don pou pwodi elektronik ki mache yo, se yon bon opsyon poutèt li pèmèt yo resèvi avè yo pandan pi lontan. Sepandan, ak tranzisyon sou difizyon dijital, anpil òganizasyon charitab gen dwa pa aksepte don TV dijital. Tanpri, verifye ak òganizasyon a anvan w bay li TV analogik ou a.

For More Information: [www.epa.gov/ecycling/tv-convert.htm](http://www.epa.gov/ecycling/tv-convert.htm)

